



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 28 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKSYON POU RANFÒSE REZISTANS BÓ LANMÈ KONT PWOCHEN TANPÈT NAN LONG ISLAND

\$383 milyon pou Pwojè egou nan Konte Suffolk pou redwi polisyon danjere azòt, sa ki andomaje defans natirèl bò lanmè kont gwo tanpèt ak inondasyon

Eta ap bay yon avans \$97 milyon a Konte Nassau pou ede akselere mizajou nan izin tretman egou Park Bay

Eta ap etabli sant pou teknoloji dlo pwòp nan Stony Brook University

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon seri aksyon ki vize pou ranfòse rezistans zòn bò lanmè kont pwochen tanpèt yo nan Long Island nan amelyore kalite dlo lokal la epi redwi polisyon danjere azòt. Gwo tanpèt Sandy te gen enpak sou enstalasyon tretman dlo ize Long Island e li te montre kijan bè rejyon an te frajil ak madlo sèl yo se polisyon azòt anplis. Pou ede adrese bezwen rekiperasyon sa yo, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta te idantifye yon finansman \$383 milyon dola pou pwojè egou ki pwopoze nan Konte Suffolk e Eta pral bay yon avans \$97 milyon a Konte Nassau pou mizajou izin tretman egou Bay Park la.

Pou ede anplis asire ke pi bon syans disponib ak pi bon pratik egziste pou sipòte rezistans ak efò amelyorasyon kalite dlo, Gouvènè Cuomo te egalman anonse enstalasyon sant teknoloji eta New York pou dlo pwòp nan Stony Brook University – ki gen responsabilite inisyal pou devlope ak komèsyalize nouvo jenerasyon teknoloji pou elimine azòt sou sit sistèm septik ak pwiza yo.

“Gwo tanpèt Sandy te montre nou kijan rezistans zòn bò lanmè yo enpòtan pou ede kominote Long Island yo reziste a enpak move tan. Jodia nap aji sou leson sa epi ranfòse defans natirèl nou yo kont pwochen tanpèt yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen vle remèsye anpil entèvenan yo ki te kontribye nan fè lide sa yo vini yon reyalite – sa ki gen ladan Egzekitif Konte Bellone, Egzekitif Konte Mangano ak Sipèvizè Throne-Holst – paske yap ede bati yon Long Island ki pi solid ak pi rezistan.”

Tout inisyativ sa yo pral ede kontinye ranfòse sistèm tretman dlo egou ak redwi polisyon azòt, sa ki pral ede pwoteje ak amelyore rezistans kotyè a. Polisyon Azòt andomaje marekaj bò lanmè yo ki se yon liy

enpòtan nan defans kont gwo tanpèt ak inondasyon.

\$383 Milyon pou Pwojè Konte Suffolk

Gouvènè Cuomo jodia te idantifye jiska \$383 milyon pou kat pwojè kalite dlo ak rezistans pou elaji egou yo nan Konte Suffolk nan kat zòn, sa Egzekitif Konte Bellone te avanse. Sijè a apwobasyon federal, Eta te idantifye jiska \$300 milyon nan finansman Rekiperasyon Dezas Blòk Sibvansyon Devlopman Kominotè ak \$83 milyon kap finanse atravè prè a to enterè ba nan fon renouvèlman pou Dlo pwòp Eta ki te jere pa Enstalasyon Kòporasyon Anviwonman Eta New York ak Depatman Konsèvasyon Anviwonman.

Ekstansyon egou nan zòn sa yo se yon etap enpòtan pou ede Konte Suffolk rekipere nan gwo tanpèt Sandy e li pral konsiderableman relanse yon efò global ki vize pou redwi polisyon azòt ki afekte negativman marekaj bò lanmè yo ki pral pwoteje kominote yo kont tanpèt devastatè yo enpòtan nan anviwonman sante ak ekonomik rejyon an. Pwojè ki pwopoze yo gen ladan:

1. **Basen vèsan Rivyè Forge santre otou Mastic:** Yon estimasyon pwojè \$196 milyon ta abòde enpak tanpèt epi redwi polisyon azòt nan rivyè Forge ak Gran Bè Sid. Pwojè ki pwopoze a ta konekte pasèl yo nan yon zòn a yon nouvo sistèm koleksyon izin tretman dlo ize (ki ta enkli tretman azòt) lokalize nan pwopriete minisipal toupre ayewopò vil Brookhaven.
2. **Basen vèsan Rivyè Carlls santre otou Nò Babylon ak Lwès Babylon:** Yon estimasyon \$136 milyon dola ta abòde enpak tanpèt la epi redwi polisyon azòt nan rivyè Carlls ak Gran Bè Sid. Pwojè ki pwopoze a ta konekte pasèl yo a sistèm egou pwen Bergen ki nan distri egou sidwès la.
3. **Basen vèsan Rivyè Connetquot santre otou Gran Rivyè:** Yo ta itilize yon estimasyon \$33 milyon pou abòde kesyon polisyon azòt ak ajan patojèn nan rivyè Connetquot, Bè Nicoll ak Gran Bè Sid. Pwojè ki pwopoze a ta konekte pasèl yo a sistèm egou pwen Bergen an.
4. **Basen vèsan Rivyè Patchogue santre otou Patchogue:** Yo ta itilize yon estimasyon \$18 milyon pou abòde kesyon polisyon azòt ak ajan patojèn nan rivyè Patchogue ak nan Gran Bè Sid. Pwojè ki pwopoze a ta konekte pasèl yo a sistèm egou Patchogue nan distri egou Patchogue la.

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Konte Suffolk te eksperimente kijan move tan kapab devaste nan ka gwo tanpèt Sandy. Avèk sa nan lespri nou, nou pral kontinye rebati apre domaj sa epi fè enfrastrikti nou yo vin pi rezistan pou lavni, e mwen kontan anpil paske nou demare yon seri aksyon ki pral ranfòse rezistans kont pwochen tanpèt yo. Nan ranfòse enstalasyon tretman dlo ize nou yo epi redwi polisyon danjere azòt, nou ka amelyore kalite dlo nan Long Island epi finalman kreye kominote ki pi ansekirite pou rezidan nou yo. Mwen apresye sipò konstan Gouvènè a kòm nap kontinye rebati, e mwen kontan anpil dèske pwojè sa yo ap mache.”

Avans \$97 Milyon a Konte Nassau pou amelyorasyon Park Bay

Eta pral bay yon avans \$97 milyon dola a konte Nassau pou ede akselere mizajou nan izin tretman egou

nan Bay Park. Finansman eta se yon avans nan Fon federal \$830 milyon Gouvènè a te ede garanti pou repare eleman yo nan izin tretman Bay Park ak nan sistèm koleksyon an, ak pou reyalize yon plan rezistans ke yo te elabore kont yon tanpèt 500 ane. Gouvènè a ap kontinye apwiye demann li bay Ajans Jesyon Ijans Federal fon asistans piblik pou kreye yon pwi rejè nan oseyan atlantik ak pou enstale yon sistèm tretman azòt a mwaye-etap pou amelyore kalite dlo a pa dèyè bè a, epi pwoteje vas zile marekaj nan zòn sa ki sèvi kòm baryè pwoteksyon natirèl kont inondasyon pou pati sid konte Nassau.

Egzekitif Konte Nassau Ed Mangano te deklare, “Anplis de devastasyon kay ak biznis yo nan Konte Nassau, gwo tanpèt Sandy te koze gwo domaj nan kèk nan enfrastruktir enpòtan nou yo – sa nou te aprann, ki kapab fè yon move sitiyasyon vin pi mal byen vit. Izin tretman dlo ize Bay Park se egzanp pafè de sa. Eenstalasyon an te inonde avèk nèf pye dlo lanmè pandan pasaj Sandy, koze pann kouran ak domaj nan anviwonman. Jodia, nap pran yon lòt etap pwogrè enpòtan pou non sèlman repare domaj ki te fèt yo, men fè izin Bay Park la fin pi fò ak pi rezistan pase anvan. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè a sou kesyon sa a – mete lajan eta disponib kounye a.”

Sant Eta New York pou Teknoloji Dlo Pwòp

Aktyèlman, teknoloji pa egziste pou retire efikasman azòt nan sistèm septik ak eflyan pwiza nan yon fason ki efikas epi koute mwen chè. Sa yo se gwo sous azòt kap fè polisyon nan vwa navigab Konte Suffolk epi detwi pwoteksyon abitat imid ki esansyèl pou amelyore rezistans a tanpèt. Inivèsite Stony Brook Sant teknoloji pou dlo pwòp Eta New York pral fè rechèch, devlope ak komèsyalize nouvo jenerasyon teknoloji a pou retire azòt nan sistèm septik ak eflyan pwiza. Sant lan pral etabli Eta New York tankou yon lidè mondyal nan endistri sa a kòm teknoloji sa te ka ede kominote yo nan Long Island, nan peyi a ak nan mond lan pou adrese pwoblèm sa a.

Gouvènè Cuomo, Konte Suffolk ak Inivèsite Stony Brook te dakò pou deziyen \$2 milyon dola nan bidjè ane sa a kòm lajan demaraj inisyat pou etabli sant lan nan kad yon pi gwo inisyativ alontèm. Stony Brook University pral deplwaye resous an kapital imen ki apwopriye enkli rechèch pwofesè ak etidyan diplome yo, ak enstalasyon laboratwa ke yo chwazi pou sekirize travay pwojè rechèch ki nesèsè pou fè inisyativ la ale delavan.

Sipèvizè Vil Southampton Anna Throne-Holst te deklare, “Abitat natirèl zòn imid ki byen antreteni se baryè enpòtan kont ewozyon bò lanmè ak enfrastruktir devastasyon gwo tanpèt - kenbe yo pwoteje se esansyèl. Redwi polisyon azòt danjere se youn nan pi bon fason pou fè sa, e nan etabli Sant Teknoloji pou dlo pwòp la nan Stony Brook University, nou ka devlope pi bon teknoloji pou retire polisyon sa a pi efikasman avèk efikasite. Mwen fyè dèske Stony Brook pral yon lidè nan domèn sa a, e mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li te sipòte vizyon sa a, sa ki pral ede kominote nou an ak anpil lòt pandan ane kap vini yo sou wout la.”

Samuel L. Stanley Jr., M.D., Prezidan, Inivèsite Stony Brook, te deklare, “Stony Brook University angaje nan inisyativ sa ki enpòtan anpil, atravè rechèch ak transfè teknoloji, pral ede idantifye ak etabli nouvo resous pou amelyore kalite dlo nan Long Island pou kout ak long tèm. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman finansye ak anviwonmantal sa, epi dèske li te konfye pyès enpòtan sa nan mo kwaze a

Inivèsite Stony Brook. Grasa angajman sa a, mwen gen konfyans ke etidyan ak pwofesè nou yo pral pote kontribisyon enpòtan a inisyativ sa a.”

Rapò Kalite Dlo Long Island

Eta te pibliye jodia tou yon rapò ki idantifye etap imedyat ak alontèm pou abòde kesyon eksè polisyon azòt ki koze degradasyon oswa anfondreman marekaj bò lanmè yo ki bay defans natirèl pou tanpèt ak anpil pwoblèm kalite dlo. Gouvènè Cuomo te mande Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta (DEC) pou travay avèk ajans Eta, Konte Suffolk, Konte Nassau, Stony Brook University, ak anpil dirijan sivik, anviwonman ak biznis pou devlope rapò a.

Nan kad inisyativ sa, lidè yo nan eta ansanm avèk Egzekitif Konte Nassau Ed Mangano ak Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te òganize twa reyinyon piblik nan Konte Nassau ak Suffolk nan mwa Me pou diskite sou jesyon dlo ize Long Island ak enfrastrikti dlo pwòp. Sesyon sa yo te gen ladan prezantasyon pa 40 syantis; ofisyèl federal, eta ak lokal; òganizasyon anviwonmantal ak biznis, kominotè; e yo te bay tou yon opòtinite pou piblik la pataje eksperyans yo, lide ak enkyetid yo. Rapò a se akimilasyon rechèch ak strateji endepandan ke yo te prezante nan reyinyon sa yo. Wap jwenn yon kopi rapò a disponib [la](#).

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Sa a se egzakteman kalite investisman entelijan ke nou gen entansyon fè nan Long Islad atravè lwa pou soulajman Sandy, e mwen kontan dèske finansman federal CDBG ansanm avèk lòt finansman pral ede fòtifye sistèm tretman dlo ak egou Long Island, ansanm avèk bati litoral la pou pwoteje kont pwochen tanpèt. Mwen pral kontinye lite pou lajan federal pou asire ke toulède kominote konte Nassau ak Suffolk, ak enfrastrikti yo, vin pi solid ak pi rezistan si, Bondye padon, pwochen Sandy a ta pase sou rejyon an.”

Depite Peter King te deklare, “Konbinezon resous eta ak federal pa pral non sèlman ranfòse rezistans Long Island a evènman tankou gwo tanpèt Sandy men amelyore kalite dlo a epi ankouraje inovasyon.”

Depite Carolyn McCarthy te deklare, “Dezan de sa, gwo tanpèt sandy te montre nou tout kijan New York te bezwen pou l fè amelyorasyon nan enfrastrikti tretman dlo ize nou yo pou pwoteje kont domaj pwochen tanpèt. Mwen aplodi Gouvènè a paske li te mete ansanm finansman ki pral modènize izin tretman dlo egou nan zòn vil New York e li pral egalman amelyore rezistans bò lanmè nan redwi polisyon azòt. Pwoteje bè ak madlo sèl enpòtan nou yo kont eksè polisyon azòt pral ede limite domaj lè Long Island ak New York ap fè fas a tanpèt tankou Sandy.”

Depite Steve Israel te deklare, “Asire kalite dlo siperyè nan Long Island enpòtan pou kominote nou yo. Kòm nap prepare pou pwochen tanpèt yo ak ranfòse rezistans nou, mwen kontan dèske tout nivo nan gouvènman ap travay ansanm pou amelyore ak ranfòse enfrastrikti nou an.”

Depite Tim Bishop te deklare, “Reponn a bezwen enfrastrikti enpòtan dlo nan kominote lokal yo se yon kesyon enpòtan ki pral benefisye rezidan yo nan Suffolk, ekonomi lokal la, epi pwoteje anviwonman ak sante piblik. Kominote yo ki pa kapab modènize ak elaji enfrastrikti dlo pral jwenn li difisil pou atire nouvo biznis, bati kay ak grandi. Asire rezistans amelyorasyon enfrastriti sa yo egalman enpòtan pandan

yon dezans natirèl, e mwen kontan paske sa se yon eleman ke yo te enkli ladan. Mwen fyè dèske m te travay avèk ofisyèl lokal ak eta nan diferan etap nan toulède inisyativ sa yo. Amelyore kalite dlo nan basen vèsan larivyè Forge pral benefisye rezidan ak biznis yo nan zòn Mastic e li pral elaji aksè a egou yo nan Patchogue sa ki pral ede kontinye kwasans enkwayab ke nou wè la. Antanke otè prensipal nan Lwa sou Refòm Resous ak Devlopman, mwen fyè dèske mwen te dirije efò pou re-otorize Fon Renouvlab dlo pwòp Eta pou premye fwa depi kreyasyon l nan ane 1980 yo epi li bay zouti adisyonèl pou ede eta ak minisipalite yo antreprann pwojè enfrastrikti enpòtan nan dlo pwop. Pwovizyon enpòtan sa yo nan WRRDA pral gen yon enpak pozitif ak enpòtan nan konte Suffolk.”

Komisyonè DEC Joe Martens te deklare, “ Jeyografi inik Long Island kontribye grandman nan kalite lavi pou rezidan yo men egalman li prezante defi anviwonman. Gouvènè Cuomo te mande DEC pou travay avèk ofisyèl lokal yo, espesyalis ak piblik la pou devlope yon plan aksyon agresif pou amelyore rezistans bò lanmè Long Island epi pwoteje dlo anba tè ak sifas dlo yo. Nou apresye oryantasyon ki baze sou syans nou te resevwa de moun ak òganizasyon yo pandan reyinyon nou yo, sa ki te ede nou devlope anpil rekòmandasyon spesifik pou ede pwoteje rezidan, fèm ak biznis yo kont gwo tanpèt ak inondasyon, ogmantasyon nivo lanmè ak enpak polisyon azòt.”

Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a Jamie Rubin, te deklare, “Kòm nap kontinye travay nan direksyon yon eta ki pi rezistan ak solid, nou dwe chèche solisyon inovè ki pwoteje resous enpòtan nou yo ki pi kritik. Pwojè sa yo ki pwopoze lokalize nan youn nan konte yo ki pi afekte pa gwo tanpèt Sandy. Nou dwe oswa non sèlman restore ak rebati enstalasyon dlo ize yo ki te afekte men egalman prezève ak pwoteje dlo potab pou rezidan yo nan Long Island, pandan lap demontre anpil benefis anviwonmantal ak ekonomik. Yon eleman enpòtan nan rekiperasyon nou de Sandy se non sèlman rebati zòn lan men itilize konpetans popilasyon nou an. Sant Teknoloji pou Dlo Pwòp Eta New York nan Stony Brook University ka ede nou avèk rekiperasyon sa epi kite dèyè yon eritaj ki kapab gen avantaj pou lòt rejyon yo. Grasa Sant Teknoloji pou Dlo Pwòp ak anfas nou sou pwosesis planifikasyon kominote a nou pral retounen pi bon pase avan.”

Prezidan EFC ak PDG Matthew Driscoll te deklare, “Enjenyè ak spesyalis finans yo nan New York State Environmental Facilities Corp. te travay avèk otorite yo nan konte Nassau ak Suffolk pou itilize resous finansye fon prè renouvlab Eta New York te bay la. Nan kòmansman ane sa a, EFC te apwouve \$12.7 milyon dola nan finans a ba pri pou redwi dechaj azòt nan enstalasyon tretman dlo ize Riverhead e nap rete tann pou mete lajan adisyonèl disponib pou pwojè enfrastrikti nan Long Island.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole